# ZAMANAGÓY JOQARÍ BILIMLENDIRIW PROCESINDE RUWXÍY-ÁDEP-IKRAMLÍLÍQ TÁRBIYANÍŃ ORNÍ HÁM ROLI

**A.J.Muratbaeva** – *filosofiya ilimleriniń kandidatı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** ma'naviy-axloqiy tarbiya, ma'naviy- axloqiy rivojlanish, shaxsiy sifatlar, ijtimoiy sifatlar, intellektual sifatlar, talabalar.

**Ключевые слова:** духовно-нравственное воспитание, духовно-нравственное развитие, личные качества, социальные качества, интеллектуальные качества, студенты.

**Key words:** spiritual and moral education, spiritual and moral development, personal qualities, social qualities, intellectual qualities, students.

**Kirisiw.** Insandaǵı barlıq jaqsı nárseler tálim hám tárbiya arqalı beriledi. Zamanagóy joqarı bilimlendiriwdiń maqseti – keń kompetenciyalarǵa iye, dóretiwshilik, ózin-ózi rawajlandırıw hám ózgeriwsheń dúnyaǵa beyimlesiwge uqıplı joqarı kvalifikaciyalı qánigeni qáliplestiriwden ibarat. Bilimlendiriw insan hám jámiyettiń talapların qanaatlandırıwǵa, onıń kásiplik rawajlanıwına, intel-lektuallıq, mádeniy, ádep-ikramlılıq hám fizikalıq jaqtan kásip iyesi hám shaxs sıpatında qáliplesiwine qaratılǵan. Bul maqalanıń tiykarǵı maqseti joqarı bilimlendiriw sistemasında ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyanıń tutqan ornın hám áhmiyetin ashıp beriw bolıp tabıladı.

**Izertlew metodologiyası hám ádebiyatlar analizi.** Maqalada dekonstrukciya hám appercipaciyalaw, aspektli analiz usıllarınan paydalanıw avtorǵa izertlenip atırǵan tema boyınsha ádebiyatlardı puqta úyreniw hám olardan úyrenilip atırǵan mashqalanı túsiniwdi keńeytiw ushın paydalanıw imkaniyatın berdi. Avtor tárepinen qollanılǵan deskriptiv metod mashqalanı deskriptlerge (tayanısh túsiniklerge) súyenip ashıw imkaniyatın berdi.

Maqalada Ózbekstan Respublikasınıń ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiya salasında qabıl etilgen normativ-huqıqıy hújjetleri, M.A.Dyachkova [2], V.M.Menshikov, G.Sh.Raxmonova, L.A.Tishabaeva [3], D.U.Jumanazarova kibi shet el hám jergilikli avtorlardıń ilimiy miynetlerinde bayan etilgen kózqaraslar, pikirler paydalanıldı. Bul ilimiy miynetlerde ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyanıń mánis-mazmunı, forma hám metodları, talaba jaslardıń ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyasınıń ózine tán aspektleri sóz etiledi.

**Talqılaw hám nátiyjeler.** Zamanagóy joqarı bilim-lendiriw procesinde ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyası tiykarǵı orındı iyeleydi. Ol tálim alıwshılarda jámiyette tabıslı jasaw ushın zárúr bolǵan qádiriyatlar, ádep-ikramlılıq principler hám kónlikpelerdi qáliplestiriwge járdem beredi. Ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyasınıń áhmiyeti sonnan ibarat, ol shaxstı bir pútin sistema sıpatın-da rawajlandırıwǵa járdem beredi. Bul talabalarǵa óz mútájlikleri hám imkaniyatların ańlaw, óz háreketleri ushın juwapkershilikti óz moynına alıwǵa úyreniw imkaniyatın beredi. Ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyası sheńberinde joqarı oqıw ornı hár bir talabanıń shaxsın rawajlandırıw ushın sharayat jaratıwı kerek. Bul onıń jeke mútájlikleri hám qızıǵıwshılıqların qollap-quwatlaw, óz imkaniyatları hám wazıypaların ańlawına járdemlesiw degen sóz.

Ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyası – insanda ulıwmain-sanıy, mádeniy hám milliy ideallar, ádep-ikramlılıq princip-lerine tiykarlanǵan qádiriyatlar sistemasın maqsetke muwapıq qáliplestiriw procesi. Onıń maqseti ózgelerge miyrim-shápáát, ádillik, juwapkershilik hám húrmet kórsete alatuǵın bárkamal shaxstı tárbiyalawdan ibarat. Bul process hújdan, parız, ar-namıs sıyaqlı ádep-ikramlılıq sezimlerin qáliplestiriwdi óz ishine aladı hám ádep-ikramlılıq norma-larına sanalı túrde ámel etiw arqalı minez-qulıq ta bekkem-lenedi.

«Ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyasınıń maqseti – ósip kiyatırǵan áwladtı ruwxıy-ádep-ikramlılıq qádiriyatlar (insanpárwarlıq, etno-milliy, diniy hám t.b.) menen tanıstırıw bolıp tabıladı. Bul maqsetke tárbiyalanıwshılardıń ruwxıy-ádep-ikramlılıq qádiriyatlarınıń jeke mánislerin anıqlawı ushın sharayatlar jaratıw hám olarǵa muwapıq háreket etiwge tayarlıǵın qáliplestiriw arqalı erisiledi. Ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyası barısında aldıńǵı áwladlar toplaǵan mádeniy qádiriyatlar (mısalı, ádep-ikramlılıq – qayırlılıq, parız, abıray, qádir-qımbat, hújdan) qabıl etilip, ózlestiriletuǵınlıqtan, onı sociallıq-mádeniy process sıpatında qaraw kerek» [2:16].

Demek, ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiya – tiykarǵi milliy qádiriyatlardı ózlestiriw hám qabıl etiw, ulıwmainsanıy qádiriyatlar hám óz xalqınıń mádeniy, ruwxıy hám ádep-ikramlılıq qádiriyatları sistemasın ózlestiriwdiń pedagogi-kalıq jaqtan shólkemlestirilgen procesi.

Ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyasınıń tiykarǵı aspektleri sıpatında ulıwmalıq túrde tómendegiler tán alınǵan:

1) Qádiriyatlar sistemasın qáliplestiriw, yaǵnıy adamnıń shaxs tiykarında jatatuǵın tiykarǵı milliy, ulıwmainsanıy hám mádeniy qádiriyatlardı ózlestiriwi hám qabıl etiwi.

2) Ádep-ikramlılıq qásiyetlerdi rawajlandırıw, yaǵnıy shaxsta tuwrılıq, miyrim-shápáát, miynetsúyiwshilik, watansúyiwshilik, insanıy sıyaqlı qásiyetlerdi tárbiyalaw.

3) Ádep-ikramlılıq minez-qulqın qáliplestiriw, yaǵnıy shaxstı jaqsılıq penen jamanlıqtı bir-birinen ajırata alıwǵa, miyrim-shápáátti, juwapkershilikti seziniwge, basqalarǵa xızmet kórsetiwge tayar bolıwǵa úyretiw.

4) Jámiyette ózin-ózi ańlaw, bunda parız sezimin, puqaralıq poziciyasın, basqa insanlar, tábiyat, watanǵa húrmetti rawajlandırıw názerde tutıladı.

5) Procestiń bir pútinligi, bunda ruwxıy-ádep-ikramlılıq qádiriyatlardı shaxs turmısınıń barlıq tarawlarına, yaǵnıy shańaraq hám oqıw ornınan baslap, sabaqtan tısqarı iskerlikke shekem integraciyalaw.

Házirgi sociallıq jaǵdaylarda eń áhmiyetli máselelerdiń biri adamnıń ruwxıy hám puqaralıq ózin-ózi ańlawı máselesi bolıp tabıladı. Elimizdiń házirgi jasları sociallıq jaqtan belsendi shaxs, ómir iskerliginiń tolıq huqıqlı subyekti bolıwı kerek, yaǵnıy óziniń motivlerin hám zárúr-liklerin, maqsetlerin hám ideallardı puqaralıq jámiyet qádiriyatlarına sáykes túrde ańlawı, ámelge asırıwı hám rawajlandırıwı tiyis. Olardıń ózlerin qorshaǵan dúnyanıń ráńbáreńligin, baylıǵın kóriwi, óziniń ómirlik múmkinshi-liklerin tolıq júzege shıǵarıwǵa umtılıwı oǵada áhmiyetli bolıp tabıladı. Joqarı oqıw ornı talabaları – bunday jaslardıń aldıńǵı qatarındaǵı insanlar.

Talaba jaslardıń ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyası B.X.Xamukova tárepinen «studenttiń ruwxıy-ádep-

ikramlılıq mádeniyatın qáliplestiriwdi xoshametlewshi formalar, qurallar, metodlar hám principler kompleksi bolıp, shaxstıń sociallıq tájiriybeni, mádeniy-regionallıq hámjámiyet qádiriyatların, mádeniyatın ózlestiriw dárejesin arttırıw procesi, talabalardı ádep-ikramlılıq qádiriyatları menen tanıstırıw, ádep-ikramlılıq sezimlerin qáliplestiriw; ádep-ikramlılıq erk-ıqrarın qáliplestiriw; ádep-ikramlılıq minez-qulıqqa úndew» [4:77] dep túsindiriledi.

Házirgi zaman jaǵdayında talabalardı ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyalaw – bul ósip kiyatırǵan áwladtı huqıqıy demokratiyalıq jámiyette jumıs islewge hám birgelikte háreket etiwge, óz baslaması menen miynet etiwge, jámiyetlik áhmiyetli islerdi basqarıwǵa qatnasıwǵa, huqıq hám minnetlemelerin ámelge asırıwǵa tayarlawdıń, sonday-aq óziniń siyasiy, ádep-ikramlılıq hám huqıqıy tańlawı ushın, ómirde tabısqa erisiw maqsetinde óz qábiletlerin tolıq rawajlandırıw ushın juwapkershiligin arttırıwdıń maqsetke baǵdarlanǵan, ádep-ikramlılıq tiykarında ámelge asırılatuǵın procesi bolıp tabıladı.

Hár qanday jámiyet óz keleshegin tárbiya arqalı joybarlastıradı. Barlıq ásirlerde de tárbiya ózgeshe mexanizm bolıp, onıń járdeminde ósip kiyatırǵan áwlad burınnan orın alǵan jámiyetke qosılıp, belgili bir turmıs tárizin alıp barıwshıǵa aylanıp, aǵa áwladlardıń izinen júrip, jalǵasıp kiyatırǵan dástúrler hám turmıs normaların qollap-quwatlap hám saqlap qalǵan. Házirgi waqıtta tárbiyanıń baslı maqseti puqaralıq, watansúyiwshilik, ádep-ikramlılıq hám ruwxıylıq, demokratiyalıq qádiriyatlarǵa sadıqlıq, milliy hám diniy keńpeyillik bolıp esaplanadı. Tek usı tiykarda ǵana puqaralıq jámiyette jasawǵa ǵana emes, al onı bekkemlewge qábiletli adamlar jetilisip shıǵadı. Jańa dáwir joqarı bilimlendiriwden ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyanıń mazmunı, formaları hám usıllarınıń házirgi zaman jámiyetlik-pedagogikalıq reallıǵına sáykes bolıwın talap etpekte. Tek ǵana jámiyetlik iskerlikke belsene qatnasıw hám oǵan sanalı túrde aralasıw arqalı, oqıw ortalıǵın jaqsılaw, ózin-ózi basqarıwdı rawajlandırıw jolı menen bul baǵdarda tabıslarǵa erisiwge boladı.

Talabalardıń ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyası haqqında sóz etkende, kóbirek ruwxıy-ádep-ikramlılıq rawajlandırıw tuwralı aytıw orınlı. Ruwxıy-ádep-ikramlılıq rawajlanıw – bul sociallasıw procesinde shaxstıń qádiriyatlıq-mánislik tarawın izbe-iz keńeytiw hám bekkemlew, insannıń ózine, basqa adamlarǵa, jámiyetke, mámleketke, watanǵa, pútkil dúnyaǵa bolǵan qatnasıqların ádep-ikramlılıq normaları hám idealları tiykarında bahalaw hám sanalı dúziw qábiletin qáliplestiriw.

Ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiya óz watanınıń puqarası, watanpárwarlıq sıpatlarına iye bolǵan shaxstıń qáliplesiwi hám rawajlanıwına xızmet etedi. Sonlıqtan da bul másele turaqldı túrde mámleketimizdiń, húkimetimizdiń dıqqat-itibarınan orın aladı. Buǵan mısal sıpatında Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 3-maydaǵı «Ruwxıy-aǵartıwshılıq jumıslardıń nátiyjeliligin arttırıw boyınsha qosımsha ilajlar haqqında»ǵı PQ-4307-sanlı qararınıń orınlanıwın támiyinlew, sonday-aq, jaslardı erkin turmısqa keń dúnyaqarasqa iye, belsendi puqaralar etip tárbiyalaw maqsetinde Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2019-jıl 31-dekabrdegi 1059-sanlı qararı menen qabıl etilgen «Úzliksiz mánawiy tárbiya koncepciyasın tastıyıqlaw hám onı ámelge asırıw is-ilajları haqqında»ǵı qararın keltiriwimiz múmkin. Hújjette «jaslarda watanǵa sadıqlıq, isbilermenlik, erk-ıqrarlılıq, ideologiyalıq immunitet, miyrim-shápáátlilik, juwapkershilik, keńpeyillik, huqıqıy mádeniyat, innovaciyalıq pikirlew, miynetsúygishlik sıyaqlı áhmiyetli pazıyletlerdi balalıqtan baslap basqıshpa-basqısh qáliplestiriw» mańızlı wazıypa sıpatında atap kórsetiledi [1].

Sonlıqtan búgingi kúnde joqarı oqıw orınları óz studentlerinde bir qatar ruwxıy-ádep-ikramlılıq pazıyletlerdi tárbiyalawǵa ayrıqsha áhmiyet berip kelmekte hám bunday pazıyletler jaslarǵa quramalı hám ózgeriwsheń sociallıq reallıqta durıs baǵdar alıwǵa járdemlesedi. Ádette bunday pazıyletlerdi úsh toparǵa bólemiz.

1) Jeke qásiyetler, olarǵa tómendegiler kiredi:

juwapkershilik – óz is-háreketleriniń aqıbetlerin ańlaw hám olar ushın esap beriwdi, minnetti óz moynına alıwǵa tayarlıq;

tuwrılıq hám shın kewillik – haqıyqatlıqtı aytıwǵa, ózi hám ózgeler aldında tuwrı bolıwǵa umtılıw;

miyrim-shápáát – adamlarǵa járdem beriw, qayırqomlıq hám qollap-quwatlaw tilegi;

empatiya – basqa adamlardıń sezimlerin túsiniw hám olarǵa sherik bolıw qábileti;

miynetsúygishlik – nátiyjege erisiw ushın háreket etiw tilegi hám hadal miynet etiwge tayar bolıw;

shıdamlılıq hám ózin tuta biliw – qıyınshılıqlardı jeńip ótiw kónlikpesi, sabırlılıq hám shıdamlılıqtı saqlaw.

2) Sociallıq qásiyetler, olar tómendegilerdi óz ishine aladı:

húrmet – basqa adamlardıń qádir-qımbatın hám xızmetlerin tán alıw, úlkenlerge húrmet penen qaraw;

keńpeyillik hám ádeplilik – basqalardıń pikirin húrmet etiw hám ózgelerge ádepli qatnasta bolıw;

Watansuyiwshilik – watanǵa muhabbat sezimi, oǵan xızmet etiw hám onıń tágdiri ushın juwap beriwge tayar bolıw;

kommunikativlik – adamlar menen til tabısa biliw, tıńlaw hám óz pikirlerin durıs bayanlay alıw;

kollektivizm (jámáátlik) – birgelikte islewdiń áhmiyetin túsiniw hám jámáátte háreket etiw kónlikpesi.

3) Intellektual qásiyetler, olar tómendegilerdi qamtıp aladı:

qızıǵıwshańlıq: jańa bilimlerge umtılıw, úzliksiz úyreniw hám rawajlanıwǵa tayar turıw;

ózine ózi sın kózqarastan baha beriw – ózin, islegen islerin durıs bahalay alıw, kerek bolsa qáteligin tán alıw.

sın kózqarastan pikirlew – maǵlıwmattı analizley alıw, haqıyqattı jalǵannan ajırata alıw hám tiykarlı juwmaqlar shıǵarıw qábileti.

Joqarı oqıw ornı talabaların ruwxıy-ádep-ikramlılıq jaqtan tárbiyalawdıń tiykarǵı baǵdarları puqaralıq-watanpárwarlıq, mádeniy-ádep-ikramlılıq, intellektuallıq, miynet hám densawlıqtı saqlaw tárbiyasın óz ishine aladı.

Joqarı oqıw ornında ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyasınıń tiykarǵı formaları: oqıw iskerligi (dialoglı lekciyalar, sáwbetler, fakultativler), oqıwdan tıs jumıslar (dóretiwshilik master-klasslar, bayramlar, sayaxatlar, ádebiyat hám muzıka kesheleri), sonıń menen birge interaktiv hám zamanagóy formatlar (rolli oyınlar, «dóńgelek stol», chellendj, akciya, forum hám t.b.). Eń baslısı joqarı oqıw ornında talabalardıń ádep-ikramlılıq idealların hám qádiriyatların ózlestiriwine járdem beretuǵın ortalıqtı jaratıw áhmiyetli bolıp tabıladı.

**Juwmaq.** Jámiyetimiz keń bilimli, joqarı ádep-ikramlı, tek bilimge iye bolıp qoymay, al jaqsı insanıy pazıyletlerge

de iye bolǵan adamlardı tayarlawǵa mútáj. Bilimlendiriw óz-ózinen ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyanıń joqarı dárejesin támiyinlemeydi, sebebi tárbiya – bul adamda belgili bir shaxsıy hám sociallıq qásiyetlerdi qáliplestiriw maqsetinde oǵan sistemalı, maqsetli hám úylesimli pedagogikalıq tásir etiw bolıp tabıladı.

Solay etip, ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiya joqarı oqıw orınlarındaǵı zamanagóy bilimlendiriw procesiniń ajıralmas bólegine aylanıwı kerek. Bul studentlerge házirgi zaman dúnyasında tabıslı is alıp barıwǵa qábiletli, sawatlı, keńpeyil hám juwapkershilikli, watansúygish kadrlar bolıp jetilisiwine járdem beredi.

## Ádebiyatlar


1. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2019 йил 31 декабрдаги «Узлуксиз маънавий тарбия концепциясини тасдиқлаш ва уни амалга ошириш чора-тадбирлари тўғрисида»ги 1059-сон Қарори. 1-илова.
2. Дьячкова М.А. Духовно-нравственное воспитание как педагогическое явление. // Педагогическое образование, 2008, № 2. – С. 12-18.
3. Тишабаева Л. А. Духовно-нравственное воспитание студентов в вузах Республики Узбекистан. https://cyberleninka.ru/article/n/duhovno-nravstvennoe-vospitanie-studentov-v-vuzah-respubliki-uzbekistan
4. Хамукова Б.Х. Духовно-нравственное воспитание студентов как основа становления гражданского общества. // ВЕСТНИК ПГГПУ. Серия № 1. Психологические и педагогические науки. – С. 76-80.



**REZYUME.** Maqolada ma’naviy-axloqiy tarbiyaning mazmun-mohiyati, maqsadi, asosiy jihatlari ochib berilgan. Oliy ta’lim jarayonida ma’naviy-axloqiy tarbiyaning tutgan o‘rni va ahamiyati, talaba yoshlarning axloqiy tarbiyasining asosiy yo‘nalishlari, metodlari tahlil qilingan. Ish huquqiy-me’yoriy hujjatlar va zamonaviy olimlarning tadqiqotlari tahliliga asoslangan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье раскрываются сущность, содержание, цель и основные аспекты духовно-нравственного воспитания. Проанализированы роль и значение духовно-нравственного воспитания в процессе высшего образования, основные направления и методы нравственного воспитания студенческой молодежи. Работа основана на анализе нормативно-правовых документов и исследований современных ученых.

**SUMMARY.** The article reveals the essence, content, purpose, and main aspects of spiritual and moral education. The role and significance of spiritual and moral education in the process of higher education, the main directions and methods of moral education of student youth are analyzed. The work is based on the analysis of regulatory legal documents and research by contemporary scholars.


# TEXNOLOGIYA MAShG’ULOTLARIDA O‘QUVChILARGA EKOLOGIK TA’LIM-TARBIYA BERIShDA KOMPYUTER TEXNOLOGIYALARI VA INTERFAOL METODLARDAN FOYDALANISh TEXNOLOGIYALARI


**J.K.Tajiyev –** *pedagogika fanlari bo‘yicha falsafa doktori*
**M.R.Kuryozova –** *magistrant*
*Urganch davlat pedogogika insituti*



**Tayanch so‘zlar:** ekologik madaniyat, ekologik ong, ekologik ta’lim, ekologik tarbiya,ekologik tafakkur, AKT, virtual laboratoriyalar, multimedia taqdimotlar

**Ключевые слова:** экологическая культура, экологическое сознание, экологическое образование, экологическое воспитание, экологическое мышление, ИКТ, виртуальные лаборатории, мультимедийные презентации.

**Key words:** ecological culture, ecological awareness, ecological education, ecological education, ecological thinking, ICT, virtual laboratories, multimedia presentations.


**Kirish.** Bugungi globallashuv jarayonida inson va tabiat o‘rtasidagi uyg‘unlikni ta’minlash ekologik muammolarni chuqur anglash va bartaraf etish orqali erishiladi. Shu boisdan umumiy o‘rta ta’lim muassasalarida ekologik tarbiya va ta’limga bo‘lgan e’tibor tobora ortib bormoqda. Ayniqsa, texnologiya mashg’ulotlarida bu masala dolzarb ahamiyatga ega. Texnologiya fani o‘quvchilarga hayotda amaliy foyda keltiradigan, kasbiy yo‘naltirilgan, ijodkorlikka asoslangan bilimlarni berishga qaratilgan bo‘lib mashg‘ulotlarda o‘quvchilarda ekologik jihatdan xavfsiz, tejamkor, qayta ishlanadigan materiallardan buyum va mahsulotlar tayyorlashga o‘rgatish muhim vazifalardan sanaladi.

Shu o‘rinda ekologik atamalarni alohida izohlab o‘tsak.

**Ekologik ta’lim** – bu o‘quvchilarni tabiatni muhofaza qilish, undan oqilona foydalanish, ekologik muammolarga nisbatan ongli va faol pozitsiyani shakllantirishga o‘rgatish jarayonidir.

**Ekologik tarbiya** – bu insonning atrof-muhitga ongli, mas’uliyatli va ehtiyotkor munosabatini shakllantirishga qaratilgan ijtimoiy-pedagogik jarayondir. Ekologik tarbiya o‘z ichiga insonning tabiatga nisbatan axloqiy munosabatini shakllantirish, ekologik qadriyatlar va hissiy-emotsional munosabatlarni rivojlantirishni oladi.

**Ekologik madaniyat** - kasbiy faoliyatda qaror qabul qilish uchun ekologik javobgarlikni his qilish, tabiat muhofazasidagi bilimlarga egaligi, jahon va xududiy darajada ekologik muammolarni ochishda qatnashishga tayyorgarligidir.

**Ekologik ong** – bu insonning tabiat, atrof-muhit va unga bo‘lgan munosabati haqidagi tushunchalari, bilimlari, qadriyatlari va mas’uliyat hissining uyg‘un holda shakllangan tizimidir.

**Ekologik tafakkur** – bu insonning atrof-muhit, tabiat va insoniyat o‘rtasidagi o‘zaro bog‘liqlikni tizimli, mantiqiy va tanqidiy asosda tushunib, harakat qilish qobiliyatidir.

**Asosiy qism.** N.Mamatovaning ‘‘Ta’limda interfaol metodlar” adabiyotida – zamonaviy ta’lim tizimida o‘quvchi faolligini oshirish, mustaqil fikrlash, hamkorlikda o‘rganish, ijodiy yondashuvni shakllantirishga xizmat qiluvchi interfaol o‘qitish metodlarini o‘rganishga bag‘ishlangan.Shuningdek, X.U.Otaqulovning “Ekologiya va atrof – muhit muhofazasi” (ma’ruzalar to‘plami) darslik, ma’ruzalar to‘plami sifatida tayyorlangan bo‘lib,